

KUROODZA VANA VACHIRI VADIKI



Kushandisa mitambo, mifananidzo nezvimwewo
zvetsika nemagariro kusimudzira kodzero dzevanasikana
dzebudiriro yavo sevanhu; izvi zvinosanganisira kodzero
yekuchengetedzwa kubva mukukasika kuroorwa.

TOSE SONKE TOGETHER

**Kushandisa mitambo,
mifananidzo nezvimwewo
zvetsika nemagariro
kusimudzira kodzero
dzevanasikana dzebudiriro
yavo sevanhu; izvi
zvinosanganisira kodzero
yekuchengetedzwa kubva
mukuroodzwa vasati
vasvika zera.**

NHANGANYAYA

Chirongwa cheCultureACTIONs chinoshandisa hunyanzvi hweCulture Fund mukushandisa mitambo, mifananidzo nezvimwewo zvetsika nemagariro kusimudzira kodzero dzevanasikana dzebudiriro yavo sevanhu; izvi zvinosanganisira kodzero yekuchengetedzwa kubva mukukasika kuroorwa. Chirongwa ichi chinotsigirwa netsvakurudzo yakaitwa munharaunda dzeMazowe, Chipinge neMakoni uyezve pachishandiswa zviga zvemitemo yakatenderwa munyika ino yeZimbabwe, nyika dzakatitenderedza nedzimwe dzekumhiri kwemakungwa, zvakatemerwa kugadzirisa maitiro akashata anoitika munharaunda. Kunatsurudzwa kwekuyenzaniswa kwemikana pakati pevanhukadzi nevanhurume nekudzivirira kuroodza vana vachiri vadiki chikamu chakakosha munyika yeZimbabwe uye chinobata chidimbu chevana vemuno muZimbabwe.



Chirongwa ichi chakanangana nekupikisa tsika nemagariro munharaunda zvinokurudzira kuroorwa kwevana vachiri vadiki, kubudikidza nekushandisa simba rekushandura mafungiro riri mumitambo, tsika nemagariro. Kubudikidza netsvakurudzo yakaitwa neCulture Fund pane zvipingaidzo zvinodzivisa kuenzaniswa pakati pevanhukadzi nevanhurume zvinofanira kubuditswa pachena nechirongwa ichi kusanganisira zvinotevera:



- Tsika nemagariro, zvitendero kana mafungiro anokurudzira kuroodza vana vachiri vadiki.
- Tsika nemagariro zvinoremekedza vanhurume zvakananya nekudzvinyirira vanhukadzi.
- Tsika yagara iripo yekusataura nekutya kwevanasikana nevanhukadzi.
- Kutarisira raramo nehupfumi kwevanhukadzi kubva kuvanhurume
- Kudzikisirwa kwemagariro evanhu munharaunda zvichikonzerwa nekukanganisika kwetsika nemagariro.

- Kukanganiswa kwekutapwa kwenhau pamwe nekukanganiswa kwekumiririrwa kwevanenge vasangana nemhirizhonga pamwe nekumbunyikidzwa.
- Kushomeka kweruzivo nemukana wekuwana mashoko. Pamusoro pezvese, chirongwa cheCultureACTIONs chakanangana nekusimudzira vanasikana nemadzimai echidiki, nekuvakiridza simba mavari, simba rekuita, simba nevamwe nesimba pamusoro pematamudziko emunharaunda emhirizhonga nekusaenzana kwemikana pakati pevanhukadzi nevanhurume. Kodzero, zvekuita nemikana hazvifaniri kuwanikwa maererano nekuti munhu akazvarwa ari munhurume kana munhukadzi.

MASHANDISIRWO EBHUKU RINO

Bhuku rino rinogona kushandiswa nevadzidzisi vechirongwa munharaunda kupa ruzivo, nekuona zvinodiwa munharaunda, nekubuditsa zvinopa nharaunda manyukunyuku ekuti ipinde mazviri kubudikidza nenhaurirano pakati pevanhu vemunharaunda dzinokoshesa matambudziko ekuroodza vanasikana vachiri vadiki.

ZVINANGWA ZVECHIRONGWA CHEDU.

- Kunzwisisa Nyaya Yekuroodza Vana Vachiri Vadiki/
- Kunzwisisa Kodzero dzevanhu
- Kuroodza vanasikana vari vadiki: Kutyora kodzero dzevana nekuti zvinokanganisei pavari



- Kukosha kwemwanasikana nekukosha kwemwanakomana



- Zviri kutaurika maringe nekuroodza vana vari vadiki, hurongwa nezvinotarisirwa kupedza kuroodza vana vachiri vadiki munharaunda.
- Mitemo nezviga zvinotarisa kuroodza vana vachiri vadiki pamwe nenzira dzekumhan'ara.

Zvazvinoreva Ndeupi anonzi mwana?

Mwanakomana nemwanasikana wese ari pasi pemakore gumi nemasere kubudikidza nebumbiro remutemo reZimbabwe (Chikamu 3(81)).



Kana tichiti kuroodza mwana tinorevei?

Kuroodza mwanasikana kana mwanakomana asati asvitsa makore gumi nemasere kunoonekwa sekutyora kodzero dzevana pasi rose, pasi pemutemo.

Kugarisana sevari muwanano - kugarisana kwemunhurume nemunhukadzi sevari muwanano nemwana angave mukomana kana musikana, vachitocherechedza kodzero dzewanano. Chiitiko chinowanikwa kuvese vanakomana nevanasikana asi chichinyanyo rerekera kuvanasikana.

Maonerwo evanhukadzi nevanhurume

Musiyano pakati pevanhurume nevanhukadzi nezvinotarisirwa nenharaunda zvichienderana nekwavanenge vagere pamwe nekufamba



kwenguva. Kuroodza vana kwakabva mukusaenzaniswa kwevanhurume nevanhukadzi. Kuroodza vana kunonyanya kukanganisa vanasikana kupfuura vanakomana: Tichitarisa pavanhurume vese kubva kumakore gumi nemashanu kusvika makumi mana nemapfumbamwe (15-49), vanakomana zvikamu zvishanu kubva muzana (5%) vanoroora vasati vasvitsa makore gumi nemasere, zvichienzaniswa nezvikamu makumi maviri nemanomwe kubva muzana (27%) zvevanasikana vakaroodzwa vasati vasvitsa makore gumi nemasere, izvi zvakabva mutsvakurudzo yakaitwa yeMICs.

Mhirizhonga

Vara rekuti Mhirizhonga rinoreva zvese zvinokonzera marwadzo pamuviri, mupfungwa, kumbunyikidzwa pabonde nekukuvadzwa, pamwe nekutyisidzirwa. Chiitiko chekutonga nekudzvanyirira zvinosanganisira kushungurudza zvine chisimba mumoyo, munharaunda kana muhupfumi, kutyisidzirwa nekurohwa. Kune mhando mbiri dzemhirizhonga, zvinobuda pachena kana munhu akarohwa kana kuvhundutsirwa nechombo; zvisingabudi pachena sekutyisidzirwa, kumbunyikidzwa, kubatirirwa nedzimwe mhando dzekushungurudzwa mupfungwa. Munhu anoitirwa izvi anotarisirwa kuti asazvitaridze kana kupikisa zviri kuitika nekuda kwekutya.

NYAYA YECHIRONGWA CHEDU

Nyika yeZimbabwe yakatarisana nedambudziko guru rehurombo nekusaenzana kwemikana kuri kuunza matambudziko ehupfumi, mararamiro asina kunaka evanhu kumaruwa nekuma dhorobha. Mutsvakurudzo yakaitwa neveTotal Consumption Poverty Line, vanotarisa zvehurombo vakati chikamu chemhuri dzemuZimbabwe chinovika 62,6% chinorarama muhurombo. Chikamu makumi manomwe nematanhatu kubva muzana (76%) chevataurwa chinogara kumaruwa.




Kusamira zvakanaka kwehupfumi munyika medu kwakanganisa vana sezvo pasisina nzira dzakanaka dzekuvachengetedza dzinowanikwa pamba, munharaunda nemunyika. Zviri kuwedzera dambudziko munharaunda.



Magariro, hupfumi, nharaunda nezvematongerwe enyika, nezvimwe zvakananda zviri kupinza vanasikana munjodzi munyika yeZimbabwe yekuroorwa vachiri vadiki. Vechidiki vazhinji varikushaya mabasa kumadhorobha. Hurombo huri kuwandawo kumaruwa kwadzika midzi.

Mhirizhonga kuvanhukadzi nevanasikana inowedzerwa nemasimba anopiwa vanhurume pakugara kwedu zvinovapa kufunga kuti ndivo varidzi vevakadzi, nekutarisira kuti vanofanira kuwana zvese zvavanoda zvepabonde muwanano, kushungurudza vanasikana nevanakomana zvepabonde, nekunwa zvinodhaka zvisina mwero.



Pasi rese vanhukadzi vanosvika mazana manomwe emamirioni (700 million) vapenyu izvozvi vakaroodzwa vasati vasvika makore gumi nemasere (18). (UNICEF, 2010)

Madzimai anopfuura mumwe chete kubva muvatatu, vanosvika mamirioni mazana maviri nemakumi mashanu (250 million) vakapinda muwanano vasati vasvitsa makore gumi nemashanu, (Unicef 2014).

Kuroodza vana kunotaridza kusaenzaniswa kwevanhurume nevanhukadzi munharaunda uye kuchibuditsa tsika dzinotarisirwa munharaunda dzinodzvinyirira vanasikana. Chiitiko chekuroodza vana ichi chakanyanya kunzvimbo dziri kumaodzanyemba eAsia pamwe nekuno kumaodzanyemba eAfrica, (UNICEF, 2010).



Imwe tsvakurudzo yakaitwa neUNICEF mugwaro ravo rakataridza kuti kuroodza vana muMashonaland Central kuri pazvikamu makumi mashanu kubva muzana (50%), Mashonaland West zvikamu makumi mana nezviviri kubava muzana (42%), Mashonaland East zvikamu makumi matatu nenhanhatu kubva muzana (36%), Midlands zvikamu makumi matatu nechimwe kubva muzana (31%), Manicaland zvikamu makumi matatu kubva muzana (30%) pamwe neBulawayo zvikamu gumi kubva muzana (10%).



Muchinyorwa cheveUNICEF muna (2014) vanasikana vanopfuura mamirioni mazana maviri nemakumi masere (208 million) vapenyu izvozvi, vari munjodzi yekupinda musvitsa pavanosvika zera regumi nesere kana pasina kutorwa matanho ekudzikisa kuroorwa kwevana vari vadiki.



Tsika yekuroodza vana vadiki ichakapararira muZimbabwe nyangwe zvazvo kuine mitemo yepasi rese, yemunyika dzakatikomberedza neimwe yemunyika yedu inorambidza tsika iyi.

Nyaya yekuroodza mwana asati asvika zera inonyanyobata vanasikana vanogara mumaruwa. Vanasikana vari mumhuri zvikamu makumi maviri kubva muzana (20%) dzinoshupika vari panjodzi zvakapetwa kana kuroorwa vasati vasvitsa makore gumi nemasere (18) zvichienzaniswa nemhuri dziriwo makumi maviri kubva muzana (20%) dzevanasikana vanobva kuvapfumi. Vanasikana vari pasi pemakore gumi nemashanu vanogona kufa vachibatsirwa zvakapetwa kashanu kupfuura vanhukadzi vari kumakore makumi maviri.



Mutsvakurudzo yakaitwa nesangano reWorld Health Organization, matambudziko ese ane chekuita nekunetsa kwemimba nekubereka vana kwevanasikana ndiwo ari pachinzvimbo chechipiri kukonzera ndufu dzevanasikana vane makore ari pakati pegumi nemashanu kusvika kugumi nemapfumbamwe (15-19 years), pasi rose.



Pasi rose vanhukadzi vanopfuura zviuru mazana manomwe (700) nhasi uno vakaroodzwa vasati vasvitsa makore gumi nemasere (18). Vanasikana vakapfuura umwe pavatatu (vangasvike zviuru mazana maviri nechidimbu) vakapinda muwanano vasati vasvitsa makore gumi nemashanu (15) (UNICEF, 2014).



Chinangwa chebudiriro chechishanu chesangano reUnited Nations chinozvipira, “kuona kuti kuenzaniswa kwevanhurume nevanhukadzi pamwe nekusimudzira vanhukadzi nevanasikana chapiswa. Muchinangwa ichi pane baazi rino dokwairira kutarisira ku “bvisa zvachose zvese zvakaipa zvinoshungurudza vanasikana zvinosanganisira, kuroodza vana zvekumanikidzira uye vachiri vadukusa”. Kuroodza vana kunokanganisa tarisiro yedzidzo yemwanasikana.

CHIKAMU CHEKUTANGA

Kunzwisisa kuroodza vana

Donzvo Rechidzidzo

- Kubatsira vadzidzi vave neruzivo rwakawedzerwa maererano nenyaya dzekuroodza vana vari vadiki.
- Kudzeya mhando dzakasiyana siyana dzewanano dzinowanikwa munyika ye Zimbabwe.



Izvi zvinogoneka nenzira dzakawanda. Mubatsiri anogona kutanga nekubvunza vadzidzi kuti zvii zvavanonzwisisa maringe nekuroodza vana. Izvi zvinogona kuteverwa nekupatsanura vadzidzi kuvaisa mumapoka vachidzeya nemienzaniso yekuroodza vana, zvimwe zviitiko kana zviri kuitika, zvavakamboonawo nekunzwa munharaunda dzavo, vasingadome mazita.

Ita nhaurirano yemibvunzo inotevera seboka

- Chii chinonzi kuroodza vana? (Kupinda muwanano/kana kubatanidzwa/kana kugarisana sevanhu vakaroorana nemwana mudiki ari pasi pemakore gumi nemasere, mwana achisarudza kuroorwa pamwe nekuripa ngozi).
- Ndevapi vana varikunyanyo kanganiswa nekuroodza vana?
- Chii chinoitika pachitiko chimwe nechimwe?
- Ndevapi vamwe vanhu varimunyaya iyi yekuroodza vana?

CHIKAMU CHECHIPIRI

Kunzwisisa kodzero dzevanhu

Donzvo Rechidzidzo

- Batsira vadzidzi kuti vave neruzivo maringe nekodzero.
- Kudzeyai zvakanaka kana zvakaipa zvinounzwa nekutevedzera kodzero mutsika nemagariro muAfrica pamwe nemuZimbabwe.

Iva nehurukuro pamusoro pemibvunzo inotevera

- Vanasikana vanogona here kutevedzera kodzero dzavo muZimbabwe tichitarisa chinyakare chedu.
- Kodzero idzi dzinowanikwa here munyaya dzinoita nezve nharaunda nehupfumi pamwe nezvitendero muZimbabwe?
- Vanasikana kana vanhukadzi vane sarudzo here kana chimbi-chimbi yekutaura zvavanoda, kana kuti vanotofanirwa kubvuma izvo zvinenge zvataurwa nevabereki, varume pamwe nanatezvara vavo?
- Chii chingaitika kana vanasikana vakasarudza kusatevedzera mitemo iyi?
- Zvinoreva here kuti vachangogara vasina

kuroorwa kana kuti vanoonekwa “semadzimai akaipa”.

- Kana vakasarudza kuzvishandira vasingaroorwe, vanganzi ndivanamai, vanasikana kana madzimai akaipa here?
- Kana vanhukadzi vasina kodzero yesarudzo kubva pakuzvarwa pamwe nemuwanano, zvinokanganisa sei kugona kwavo kupedza mhirizhonga?
- Tingati zvatinnonzwa tichikura maringe nekuti vanhurume nevanhukadzi vanofanirwa kuita sei zvinowedzera kusaenzana kwevanhurume nevanhukadzi?
- Vanhukadzi vangaite sei kuti vave nechimbi-chimbi yekugona kuita sarudzo muupenyu hwavo?

CHIKAMU CHECHITATU

Kukosha kwemwanakomana nekukosha kwemwanasikana

Donzvo Rechidzidzo

Kunzwisisa zvinokosheswa zvakasiyana siyana zvinoiswa nenharaunda pavanakomana zvichipikisana nezvevanasikana pamwe nezvazvinozokanganisa.



Vadzidzi vese vanofanirwa kunyora pamachati avanopihwa nemu dzidzisi. Nyora chinhu chimwe chinotaridza kuti mhuri dzinokoshesa vanakomana nevanasikana. Ona kuti waita kuti vafungisise nekuita hurukuro yezvinotevera:

- Zvikonzero zvinobuda zvakanyanya zvekuda vanakomana nevanasikana ndezvipi?
- Ndechipi change chiri nyore kunyora, chemwanakomana kana mwanasikana?
- Ndeupi anokosheswa zvakanyanya uye chikonzero nei?
- Zvakangogara zvakadaro here munharaunda dzese?
- Ndepapi pazvine mutsauko uye sei?
- Rusarura urwu rwuripo pavose vanakomana nevanasikana rwunokanganisei?
- Unofunga kuti tingazvichinje sei?

- Mhando yehurukuro inoita kuti ufunganye zvakanyanya, inotarisa nyaya nekuona kuti vese vanakomana nevanasikana vanobatwa zvakaenzana?

Zvikonzero zvinoita kuti mhuri dzisarudze vanakomana pamusoro pevanasikana zvinobva papfungwa dzavo dzekuti vanakomana vanogona kuita zvimwe zvinhu kudarika vanasikana.

Tichikura, tinonzwa zvakaanda zvinotaurwa maringe nemabasa anoitwa nevanhurume pamwe nevanhukadzi 'kunyanza vanhukadzi' zvavanotarirwa kuita. Izvi ndiyo honzere inoita kuti vanakomana vapembedzwe kupfuura vanasikana.

CHIKAMU CHECHINA

Kuroodza vana kutyora kodzero nekuuraya ramangwana ravo

Zvinotarirwa Mushure Mechidzidzo

- Kudzeya nekubuda pachena maringe nekodzero dziri kutyorwa kana vana vakakasika kuroodzwa.
- Kutaridza zvakaipira kuroodza vana.

Patsanura vadzidzi mu mapoka mana e vanhukadzi; vanhurume vanakomana nevanasikana kuti vave vanotaura vakasununguka, nokuti vamwe vanenge vasingatokwanise kubuditsa pachena dzimwe kodzero dzavanonzwa kuti dzinotorwa nekuroodza vana vachiri vadiki.

Ona kuti wapa boka rimwe nerimwe zvekuita

- Hutano nekuroodza vana.
- Kodzero yesarudzo, kuva nemukana wekutaura zviri pamoyo pamwe nekuroodza vana.
- Dzidzo, kuwana mabasa pamwe nekuroodza vana.
- Mhirizhonga nekuroodza vana.

Dzeyai maererano nebasa ramapihwa muboka menyu kwemaminitsi makumi nematatu. Pindura mibvunzo inotevera:

- Ndedzipi kodzero dziri kutyorwa uye sei?
- Kodzero dzatyorwa idzi dziri kukanganisa sei mwanasikana?
- Nyorai pasi mhinduro dzese dzahwerengedzwa neboka mozoudzawo vamwe vese vari muchidzidzo.
- Tora machati uise mumakona akasiyana emumba mamuri wonyora pane rimwe kuti – “kukosha kwemwanakomana”, pane rimwe woti – “kukosha kwemwanasikana”.



- Ndedzipi kodzero dziri kutyorwa murimwe nerimwe basa kana muenzaniso wapihwa?
- Mienzaniso yapihwa sebasa iyi inofambirana sei?
- Kutyorwa kwekodzero idzi kunofambidzana sei?
- Mienzaniso kana basa rapihwa iri rinotiudzeyi nemhando yeupenyu inoraramwa nevanasikana pamwe nevanakomana?
- Upenyu hwemhuri idzi hunokanganiswa sei?

CHIKAMU CHECHISHANU

Zvinofungirwa maringe newanano pamwe nezvinoitika

Pakupera kwechidzidzo ichi:

- Vadzidzi vachanzwisisa zvine mukurumbira zvinotaurwa maererano nevechidiki newanano.
- Vadzidzi vachakwanisa kunyora pasi musiyano uri pakati pezvinotaurwa nezvinoitika muwanano, uye nekunzwisisa kuti sei misiyano iyi iriko.



Patsanura boka uriite tumapoka tudiki diki. Tsanangurira vadzidzi kuti vaite mutambo, vosarudza kuti vanoda kutamba vari ani – amai, sisi, baba, shamwari kana muvakidzani nevamwewo. Ibva waita kuti manheru pave nehurukuro yemuchato, muchato uchizoita mangwana kana kuva chipangamazano kune vachati vese murume nemukadzi. Izvi zvinogona kuva zvinoitika panzvimbo mbiri dzakasiyana – yekutanga kuanakomana neimwe kuvanasikana. Nyora pasi zvaunoona zvichiita wobva wataurira boka rese nezvarongwa.

Ona kuti waita kuti vanhu vafunganye maringe nezvinenge zvataurwa nanasorojena kuvachati, pane zviripo zvakasiyana here pane vanasikana nevanakomana?



- Zvii zvavanotiudza zvinotarisirwa mabasa anofanirwa kuitwa nevese vanhukadzi nevanhurume muwanano?
- Pane zvidzidzo here zviripo maringe nebonde pamwe nezvinoitika pabonde takatarisa mativi ese maviri aya? Zvinhu zvinowanzoitika here?
- Pane zvinotaurwa here maringe nebonde nezvidavado zvaro munziyo dzechinyakare pamwe nezvinofambirana nemichato; ungafungewo here zvimwe uye kuti zvinotaridzei?

Mumapoka madiki kurukura izvi:

Zvinotaurwa nenyaya yebonde revanakomana nevanasikana zvakasiyana siyana. Kuvanasikana, zvinotaurwa kuti vanofanira kuzvininipisa pabonde, vasingafanirwe kutanga ivo kuti varikuda bonde pamwe nekusataridza izvi. Izvi zvekusataridza ndeyimwe nzira yekuti nharaunda inodzika hoshwa yekuda bonde yevanhukadzi. Kune rimwe divi, vanakomana vanofanirwa kutaridza simba nekutonga, ndivo vanofanirwa kutanga bonde, nekuva neruzivo maringe nebonde (chero zvazvo pasina chinotaridza kuti pane zvatambirwa maringe nezvavo). Vanotaridza kusanyara panoitwa hurukuro dzebonde.

Mashoko anokushwa maringe nezvebonde anopihwa kunhengo dzemhuri (takatarisa mitambo iyi) anotaridza kuti bonde ndonzira inopa vana. Hapana zvishinji zvinokurukurwa nezvekunakidza kwaro. Tinodzidziswa zvakare kuti bonde rinorwadza uye harinyatsobuda pakutanga kuriita. Vanhu vazhinji vanenge vasina kugadzirira pamwe nekuva neruzivo nezvebonde, kana varoorwa. Kutaura nezvebonde kunoyera nekuti kunotaurwa nechibhende nevakuru. Somuenzaniso

zvinhu zvinoshandiswa kuenzanisa miviri yedu nemichero kana shiri. Zvakangokosha kupedza izvi nekupangazano nekupa ruzivo zvakare kune vechidiki, vasati vatanga kuenda pabonde, Zvakangokoshawo zvakare kutaura nezvemhirizhonga kune vanoenda pabonde, nekukosha kwekuramba. Ichi ichokwadi kunyanya kuvanasikana, vasingambodzwa kuti kana pane chinenge chaitika chavasingafariri pabonde, vane kodzero yekuudza varume kana vakomana vavo kuti vabve vamira ipapo. Zvakangokosha zvakare kutarisisa chokwadi maringe nezvebonde kuti vanhukadzi vadzidze kuti hapana chakaipa mukubuditsira zvavanoshuvira pamwe nekuti hongu.

Vanhurume nevanhukadzi vanowana zvimwe zvinotaurwawo, zvichitaridza zvavanofanirwa kuita kana vachinge varoorwa kana kuroorwa. Vanhukadzi vanotarisirwa kuremekedza pamwe nekuteerera anatezvara vavo, uye kuteerera zvese zvinotaurwa nevarume vavo. Kana vachinge vatarisana nekumbunyikidzwa pamwe nemhirizhonga, munhukadzi anofanirwa kuteramira oramba ari kumhuri yemurume wake, uko kwaanotarisirwa kurarama kusvika afa. Varume vanotarisirwa kuve pamusoro pevakaadzi vavo uye nekutara zvinofanirwa kuitwa mumba imomo nekutaridza kuti murume ndiani pamusha.

Varume vakanyararisa kana kuti vanofungirwa kuti vanotongwa nemadzimai avo, vanosekwa nevamwe varume. Kakubatana kakavandiswa kanoitwa nevanhurume kanokonzeresa mhirizhonga mudzimba pamwe nekusapa vanhukadzi mukana wesarudzo yekuti varambe kana kunetsera nyaya dzacho. Kazhinji havatombogoni kudzokera kumba kwavo kuchiita uye kuchikodzera.

CHIKAMU CHECHITANHATU

Zvikonzero zvapihwa maringe nekuroodza, zvirongwa nezvinotarisiwa kuitwa kupedza kuroodza vana mumamana

Zvinotarisiwa mushure mechidzidzo

- Kubuditsa pachena zvikonzero zvinowanzobuda nezvekuroodza vana
- Kufunga zvinhu zvinobatsira kupedza kuroodza vana

Hurukuro dzinokusinda kunyatsofunga:

- Patsanura boka mutumapoka tudiki woti vadzeye tsika nemagariro, zvitendero pamwe nezvimwe zvikonzero zvekuroodza vana mumamana.
- Mumapoka mamwewo, vadzidzi ngava dzeye zvafano funga kuti zvinga deredze kutekeshera kwe dambudziko rekuroodza vana mumamana.

Ndechipi chinhu chingaitwe nevanotevera kuti vapedze kuroodza vana?

- | | |
|---|---|
| 1. Akaroodzwa wacho | remadzimambo) |
| 2. Vamwe vechidiki/Vana | 11. Mahofisi ehurumende anotarisa zvemunharaunda |
| 3. Vabereki kana vari kuchengeta | 12. Masangano anobatsira kutarisa nyaya seidzi, masangano emunharaunda anobatsira munyaya dzekumhan'ara, kupangamazano, nzvimbo dzekupotera pamwe nekubatsira nedzidziso) |
| 4. Vanhurume nevanakomana | 13. Dare reparamende |
| 5. Mafambiro ezvinhu munharaunda | 14. Pedzisa hurukuro nekukurudzira vadzidzi vachipedzisa chidzidzo chinotevera. |
| 6. Hutungamiri Hwemunharaunda (kusanganisira vafundisi, nanagodobori) | |
| 7. Chikoro | |
| 8. Mapurisa anomiririra vana vanoshungurudzwa | |
| 9. Zvipatara nemakirinika | |
| 10. Matare edzimhosva (kusanganisira dare | |

CHIKAMU CHECHINOMWE

Mitemo nezviga zvekuroodza vana muZimbabwe

Mubatsiri anotungamira hurukuro yezvemitemo nezviga zvinotaura nezvekuroodza vana muZimbabwe. Kana vadzidzi vanzwisisa, mubatsiri anozopawo ruzivo maringe nezvinotevedzerwa kuno kuAfrica nepasi rose zvinotaura kuroodza vana.

Zvinhu zvinotaridza zviitiko izvi nemutauri akakokwa zvinodikanwa kutaridza ruzivo rwakadzama maringe nezvekuroodza vana. Nyika yeZimbabwe yakaisa mitemo nezviga zvakati kuti zvinotsvaga kudzivirira nekuchengetedza vana kuti vasapinde muwanano vachiri vadiki.



Mutemo weLegal Age of Majority (1982) unotaura kuti mwana weZimbabwe ari pasi pemakore gumi nemasere chero ari mwanakomana kana mwanasikana achiri pwere. Mugore ra1991 nyika yeZimbabwe yakasaina ikapasisa chapter 19 yeElimination of All Forms of Discrimination Against Women and Children (CEDAW) zvichireva kuti kubvisa zvachose rusarura rwebumbiro remutemo reZimbabwe.

(1) Nyika inofanirwa kutora zviga nematanho kuona nyaya dzinofambirana nevana varikudzivirirwa kuti dzakakosha.

(2) Nyika inofanira kutora zviga zvine musoro nematanho, zvichienderana nemari iripo kuitira kuti vana,

(a) vanakidzwe nekuchengetwa nemhuri pamwe nevabereki kana kuwana kuchengetwa kwakanakisa kana vabviswa panzvimbo ine mhuri yavo;

(b) vave nepekugara nekudya kwakanaka kunotarirwa, hutano hwakachengetedzeka pamwe nekuchengetwa nehurumende;

(c) vadzivirirwe mukubatwa zvakaipa, kusachengetwa zvakanaka kana chero imwe mhando yekumbunyikidzwa; pamwe

(d) nekuwana mukana wekudzidza nekudzidziswa zvakasiana.

(3) Nyika ngaitore nguva ichigadzirisa mitemo nemamwe matanho -

(a) kudzivirira vana mukushandiswa zvakaomarara; ne
(b) kuitirane kuti vana havafanirwe kana kuti havabvumidzwe kuita basa kana kuita zvinhu zvinoenderana naizvozvo sokuti,
(i) hazvigoneki nezera revana; kana kuti
(ii) zvinopinza hutano hwevana

panjodzi, dzidzo, miviri nepfungwa kana mweya, tsika pamwe nekubudirira kwavo zvakangana nenharaunda.

Gwaro 26 ReWanano rebumbiro remutemo weZimbabwe: Nyika inofanirwa kutora matanho ekuona kuti -

(a) hakuna muchato unochatwa pasina kusungunuka

nechibvumirano pakati pevaviri;

26 (b) vana havavimbiswi

mumuchato

(c) pane kuenzaniswa kwekodzero nezvinofanirwa kuitwa nevakanakana mumuchato pamwe nepaunogurwa; nekuti

(d) pakazova nekukugurwa kwemuchato, kubudikidza nekurambana kana rufu, pane zvinoitwa kuti zvibatsire kuchengetedza vana nemudzimai kana murume.

Kodzero dzemuchato Chapter 78 mubumbiro remutemo reZimbabwe

(1) Munhu wese asvitsa makore gumi nemasere ane kodzero yekutanga mhuri.

(2) Hapana munhu anomanikidzwa kupinda mumuchato asingade.

(3) Vanhurume kana vanhukadzi vega havabvumirwe kuchata vese.

Kodzero dzeVana Chapter 81 dzeBumbiro reMutemo weZimbabwe

(1) Mwana wese, somuenzaniso mwanakomana kana mwanasikana ari pasi pemakoregumi nemasere, ane kodzero -

(a) yekuyenzaniswa pamberi pemutemo, kusanganisira kodzero yekunzwikwa;

(b) yekupihwa zita uye zita remhuri;

(c) Panyaya yemwana anenge aka-

(i) zvarirwa muZimbabwe; kana

(ii) kuzvarirwa kunze

kweZimbabwe asi ari

mugari wemuno nokuda

kwekuti ndomunyika make;

nekuzobuditswa kwebirth certificate;

48 (d) vanakidzwe nekuchengetwa

nemhuri pamwe nevabereki

kana kuwana kuchengetwa

kwakanakisa kana vabviswa panzvimbo ine mhuri yavo;

(e) kuchengetedzwa kubva mukushandiswa zvehupfumi pamwe nezvepabonde,

kuitiswa mabasa asiri evana, kusabatwa zvakanaka, pamwe nekusachengetwa zvakanaka nechero imwe mhando yekumbunyikidzwa;

(f) kuwana dzidzo, makirinika nezvipatara, kuya kwakanaka nepekugara;

(g) kuti vasapinzwe mabasa echiuto, kana kupinzwa mumakakatanwa emuchiuto nekuva neruvengo

(h) vasamanikidzwe kupinda mune zvmatongerwo enyika; ne

(i) kuti asabatwe ogariswa semusungwa pamwe zvinogona kuitika pashayikwa zano, asi kana zvaitika

(i) ngaagariswe semusungwa kwenguva pfupi pfupi;

(ii) kuchengetwa kwakasiana nevamwe vakabatwa

zvemuusungwa vane makore ari pamusoro pegumi nemasere; uye

(iii) kuti vabatwe neumwe mutowo, vachengetwe munzvimbo dzinotarisa zera remwana.

(2) Zvakanakira mwana zvakanakisa muchinhu chese chine chekuita nemwana.

(3) Vana vane kodzero yekuchengetedzwa nematare edzimhosva, kunyanya dare guru rinovamirira semubereki.

NZIRA DZEKUMHAN'ARA

Kwaunoenda kunobatsirwa

1. Mapurisa (e Victim Friendly Unit munharaunda mako) – kuitira kusunga nekuona kufambisa zvekusungwa kwevapari vemhosva.
2. Matare edziMhosva (Magistrates court munharaunda mako) kuitira nhaurwa yekuchengetedza.
3. Vanobatsira zvekufambisa zviri pamutemo pachena (JCT,WLSA and ZWLA and the Legal AidDirectorate).
4. Mapazi ehurumende nemamwe masangano akazvimirira ega vari kupa rubatsiro rwekupodza maronda emupfungwa akakonzerwa nekushungurudzwa.
 - Bazi rinoona neavemadzimai, kuenzaniswa kwevanhurume nevanhukadzi, nekubudirira kwenharaunda, pamwe nezvekubatsira vana vari kushushikana mupfungwa; zvichisanganisira kupangwamazano pamwe nekugariswa munzvimbo dzakachengetedzeka,
 - Bazi rinoona nezvehutano nekuchengetedzwa kwakanaka kwevana (makirinika nezvipatara munharaunda), kusanganisira sangano reFamily Support Trust (FST) rinobatsira zvekurapa.Pakaita zvekushungurudzwa pabonde, rubatsiro rwunofanirwa kuwanikwa mumaawa makumi manomwe nemaviri kana iri shuramatongo HIV, kuongororwa kwayo, kupihwa

mapiritsi anoidzimirira (PEP) pamwe nekudzimirira pamuviri chimbi chimbi.

•Chikamu chekuchengetedzwa kwevana nevakapara mhosva munharaunda (zvinoitirwa mwana anoda rubatsiro rwekuchengeteka nekubatsirika akanganisa munharaunda). Vanhu vanopinda mutsekwende yekuroodzwa kunyanya vanasikana, vane matambudziko akawandisa uye akaoma nezvishuviro zvavo. Izvi zvinosanganisira:

1. Kuwana zvipatara nemakirinika
2. Pekugara pakanaka uye pakachengeteka
3. Kupangwamazano maringe nerubatsiro rwekurapa maronda mupfungwa
4. Dzimiriro yemapurisa
5. Kupihwa ruzivo maringe nezvemitemo

Mubatsiri anofanira kutungamira hurukuro kuti rubatsiro runofambiswa sei pamwe nekuona kuti masangano anobatsira nenyaya iyi vakawanda zvakadii munharaunda kuti vabatsire vagari vemunharaunda vari kuda kubatsirwa. Kana pane zvaisiirirwa ngazvibve zvaonekwa uye parongwe kuti rubatsiro ruenderere mberi kuti rwubate munhu wese.

TOSE SONKE TOGETHER

**KUROODZA VANA VACHIRI VADIKI IMHONSA.
MHAN'ARAI NYAYA DZAKADAI DZICHANGOITIKA.**



CULTURE FUND

Changing the Lives of
Ordinary Zimbabweans
Since 2007

In partnership with:



www.culturefund.org.zw

